



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE PRIM FINANSMAN FEDERAL POU PREMYE
SIMITYÈ VETERAN ETA NAN NEW YORK**

***Simityè Veteran Eta New York - Finger Lakes tounen pwopriyete Eta a an fevriye
2023***

***Administrasyon Simityè Nasyonal la pral bay 3.951 milyon dola pou agrandisman
ak amelyorasyon***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim prèske 4 milyon dola nan finansman federal pou sipòte pwojè ekspansyon ak amelyorasyon nan Simityè Veteran Eta New York la - Finger Lakes, premye simityè veteran Eta New York posede ak opere. Sa baze sou anons Gouvènè a te fè konsènan [etablisman fòmèl](#) simityè Eta a an fevriye 2023, epi li make yon etap enpòtan ki pral ede asire Eta a kapab bay veteran New York yo ak fanmi yo antèman diy pou plizyè jenerasyon. alvavni.

"Veteran nou yo ofri anpil pou nou, li jis pou yo gen yon espas devwe, diy pou repoze", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etablisman simityè sa a se yon reyalyasyon fyè administrasyon mwen an, epi mwen rekonesan pou patnè mwen yo ki te rann sa posib. Finansman federal sa a pral asire ke simityè a kenbe pi wo estanda yo jan li ta dwe ye".

Simityè Veteran nan Eta New York - Finger Lakes ke Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services, DVS) Eta New York la sipèviz la okipe 65 ekta tè sou Seneca Lake nan Romulus, Konte Seneca epi li adjasan ak Pak Eta Sampson (Sampson State Park). Sit la gen 59 ekta tè ki disponib pou pwojè devlopman ak konstriksyon pou asire li sèvi kòm yon kote pou repoze ke yo onore pou ewo Eta New York yo pou jenerasyon k ap vini yo. Simityè a sitiye sou ansyen Estasyon Fòmasyon Naval Sampson ak Baz Fòs Ayeryèn Sampson lan, kote plizyè santèn milye militè te antrene pandan Dezyèm Gè Mondyal la ak Lagè Kore a. Sit la pita te fonksyone kòm yon kolèj tanporè ak yon sant separasyon pou manm sèvis yo te libere yo, epi ofisyèlman li te fèmen an 2000. Simityè a sitiye toupre Waterloo, kominote yo rekonèt kòm bèso Jounen Memoryal (Memorial Day) la.

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Pa gen pi gwo onè pase asire ke chak Nouyòkè ki te sèvi nan lame nasyon nou an repoze nan yon fason diy ke sèvis yo ak sakrifis yo merite. Simityè Veteran Eta

New York – Finger Lakes garanti ke tout Nouyòkè ki te sèvi yo pral gen yon plas kote yo ka resevwa onè final yo sou tè ki sakre avèk yon eritaj rich nan sèvis militè. Nou rekonesan anpil pou Gouvènè Hochul, pou tout moun ki te kenbe simityè sa a nan Konte Seneca pandan tout ane egzistans li yo, ak pou patnè nou yo nan Administrasyon Simityè Nasyonal la nan tout efò yo pou rive nan moman enpòtan sa a".

Lidè Majorite Sena Ameriken an, Chuck Schumer, te deklare, "Simityè Veteran Eta New York – Finger Lakes se yon tè sakre pou plizyè milye ewo Ameriken ki te defann nasyon nou an. Apre m fin kanpe kòt a kòt ak defansè veteran nou yo nan kòmansman ane sa a pou sekirize finansman enpòtan ki nesèsè pou agrandisman ak amelyorasyon simityè yo, mwen fyè jodi a pou m ede bay yon total 4 milyon, yon ogmantasyon plis pase karant pousan finansman federal orijinal la pou premye Simityè Veteran Eta New York. Veteran nou yo te pwoteje libète nou yo, epi finansman sa a pral onore sèvis yo lè l asire yon plas repo final apwopriye pou gason ak fanm vanyan yo ak fanmi yo ki te sèvi peyi nou an".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Veteran nou yo ak fanmi yo te bay tout bagay pou defann gwo nasyon nou an, epi yo merite pou nou pa janm bliye yo nan yon lokal repo final apwopriye pou sèvis yo. Lè nou konsidere lokal nesans Jounen Memoryal la te nan Waterloo ki tou pre a, mwen ka panse a kèk kote nan Rejyon Finger Lakes ki pi byen adapte pou onè sa a--epi nou ta dwe fè tout sa ki posib pou prezève li. Mwen fyè pou m wè nivo finansman federal sa a elaji ak amelyore simityè veteran zòn nou an, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò li bay militè nou yo".

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Seneca, Michael Enslow, te deklare, "Nou kontan tandè ke Administrasyon Simityè Nasyonal la ap envesti 3.91 milyon dola nan finansman sibvansyon nan premye Simityè Veteran eta a isit la nan Konte Seneca nan Romulus, NY. SE vrèman onorab pou nou wè travay di anpil moun ap kontinye. Finansman sa a pral asire ke nou kapab kontinye rekonesans veteran sa yo ki te sèvi ak peye sakrifis final la pou peyi nou an".

Manadjè Konte Seneca, Kyle Lovell, te deklare, "Jodi a, nou onore ewo nasyon nou an nan envesti 3.91 milyon dola nan sibvansyon pou ede soutni ak amelyore Simityè Veteran Eta New York nan Romulus. Sibvansyon jenere sa a ki soti nan Administrasyon Simityè Nasyonal la pral ede nou asire sakrifis veteran nou yo toujou komemore epi pou yo apresye eritaj yo a. Mwen rekonesan anpil dèske mwen fè pati devouman kontinyèl Konte Seneca pou onore veteran nou yo, epi sibvansyon sa a pral ede asire ke Simityè Veteran Eta New York la pral kanpe kòm yon omaj dirab bay moun ki te sèvi nasyon nou an avèk kouraj ak onè".

Finansman federal yo te anonse jodi a se akimilasyon yon pwosesis ki te kòmanse an 2022, lè Administrasyon Simityè Nasyonal la te bay Eta New York yon opòtinite sibvansyon 2.8 milyon dola pou pwojè ki asosye ak Simityè Veteran Eta New York - Finger Lakes. Apre yon faz konsepsyon ak planifikasyon pandan DVS Eta New York te travay nan tèt kole ak Konte Seneca ak NCA pou asire ke pwojè a ap satisfè espesifikasyon federal yo, NCA te ogmante prim sibvansyon final Eta New York la nan

plis pase 40 pousan rive 3.951 milyon dola. Finansman sa a pral pèmèt amelyorasyon, tankou yon kolonbaryòm, bilding antretyen, lakou antretyen ak enfrastrikti sipò.

Eta New York se lakay plis pase 688,000 veteran, epi jiskaske administrasyon Gouvènè Hochul la [te etabli](#) Simityè Veteran Eta New York la - Finger Lakes, New York te youn nan yon ti ponyen eta atravè peyi a ki pa t gen yon simityè veteran eta a posede ke yo rekonèt nnan nivo federal e ke eta ap dirije. Simityè Veteran nan Eta New York - Finger Lakes ouvri pou entènasyon tout veteran ki elijib yo (jan lwa federal la defini) ak manm fanmi ki elijib yo.

Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran yo

[Depatman Sèvis Veteran Eta New York la](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Depatman an nan 888-838-7697 oswa vizite sitwèb li a veterans.ny.gov pou rankontre an pèsòn oswa vityèlman — avèk yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)